Xalmurat SAPAROV

84(5 Qar)
S 11

# ÓSIRGENIM GÚL MENIŃ



Книга должна быть
возвращена не позже
указанного здесь срока

Количество предыдущих
выдан

| | |
|---|---|
| ~~21-I-19~~ | 29 |
| ~~11.02.19~~ | 473 |
| 28.06.19 | 1784 |
| ~~13.02.20~~ | 548 |
| 5.03 20 | 438 |

Д 84(5Qar)
S-11

Xalmurat SAPAROV

# ÓSIRGENIM GÚL MENIŃ



NÓKIS
«BILIM»
2016

UOK 821.512.121-1
KBK 5 Qar
S-11

Xalmurat Saparov. **Ósirgenim gúl meniń.** (Qosıqlar). Nókis, «Bilim» baspası, 2016. 40 bet.

**UOK 821.512.121-1**
**KBK 5 Qar**
**S-11**

Berdaq atındağı mámleketlik sıylıqtıń laureatı, Qaraqalpaqstanğa miyneti sińgen mádeniyat xızmetkeri, belgili balalar shayırı Xalmurat Saparovtıń «Ósirgenim gúl meniń» dep atalğan bul kitapshasına kirgizilgen qosıqları jumbaq, jańıltpashları mektep oqıwshılarına bağıshlanğan.

Shayırdıń qosıqları jas áwladlardı tuwılğan jerdiń gózzal tábiyatın súyiwge, miynet etiwge, jası úlkenlerdi húrmetlewge tárbiyalaydı, ádep-ikramlı, til alğısh bolıwğa shaqıradı.

RESPUBLIKALI'Q MAG'LIWMLEME-RESURSLI'Q WORAYI'
INV № 88014

**ISBN 978-9943-4434-7-1**

**© Xalmurat Saparov, 2016.**
**© «Bilim» baspası, 2016.**

## Gúbelek

Ósirgenim gúl meniń,
Tur edim suw sebelep.
Qaydan keldi bilmedim,
Gúlime qondı gúbelek.

Kórip qalay turaman,
Ornımnan áste qozǵaldım.
Shıbıq alıp quwaman,
Gúlimdi onnan qızǵandım.

Ashıwlanıp qıshqırsam,
Kelmeydi hesh kárine.
Birewinen ushırsam,
Qonıp shıqtı bárine.

Kórseń hayran qalasań,
Ózgeris búgin bolǵanday.
Gúllerime qarasam,
Kóp gúbelek qonǵanday.

## Ózgergen awıl

Kelgenimde saǵınıp,
Tarttı mendey bawırın,

Jasıl japıraq jamılıp,
Ketipti ósip awılım.

Awıldıń sulıw kórkine,
Ráhátlendi jas janım,
Oy saldı qoymay erkime,
Kún sayın qurǵınlasqanı.

Kóz juwırtıp qarasam,
Kóriw ushın átiraptı,
Bıltırǵı bos orınǵa,
Talay jaylar ornaptı

## Ílaǵım

Qaraǵım keler mudamı,
Sonday sulıw ılaǵım,
Sekiredi salmadan,
Sekeńletip qulaǵın.



Meniń usı ılaǵım,
Tuwılǵanday kiyikten,
Awırmay-ma tuyaǵıń,
Sekireseń biyikten?

İlaǵım otqa qaradı,
Sonda da sút emedi,
Anasınıń sútinen,
Maǵan qashan beredi?

## Berdi súttiń qaymaǵın

Aytqanın qılmay apamnıń,
Uzaq kúnge oynadım.
Maǵan bergen keshtegi,
Awqatına toymadım.

Anam sıyır sawǵanda,
Buzawın sheship, bayladım,
Jaqsı kórip azanda,
Berdi súttiń qaymaǵın.

## İnimniń ashıwı

İnim tınısh tappadı,
Uslayman dep shıbındı,
Ayaǵın top qaqqanı,
Súrnigip barıp jıǵıldı.

Shırayı tur kógerip,
Inim qattı isindi,

Urdı toptı kóterip,
Alayın den óshimdi.

## Watanım

Bawırman dos xalqıń bar,
Dáwirim gúllep barq urar,
Kewlim alǵa talpınar,
Qushaǵında Watanım.

Júregimde jalın bar,
Ana sútiń, palıń bar.
Tamǵan kindik qanım bar,
Topıraǵında Watanım.

Sóyleytuǵın til berdiń,
Solmaytuǵın gúl berdiń,
Meniń barlıq kúnlerim,
Sende óter Watanım.

A'lemge dańqıń jayılǵan,
Ayǵa jumsa qayılman,
Xizmetińe tayınman,
Hámme waqıt Watanım.

## Appaq súti ananıń

Júregime jan boldı,
Boyımdaǵı qan boldı,
Emgenimde pal boldı,
Appaq súti ananıń.

Ósirdi sana-sezimdi,
Ashtı qarar kózimdi
Adam etti ózimdi,
Appaq súti ananıń.

Jaqsı-jaman parıqtı,
Kókiregime tamttı
Kúsh hám quwat dárıttı,
Appaq súti ananıń.

Shadlandırıp kúldirdi,
Bilmegendi bildirdi,
Aqılımdı endirdi,
Appaq súti ananıń.

## Ana alaqanı

Qansha kóterse de talmas,
Saǵan sira shıbın qonbas,
Hesh hársege teńep bolmas,
Qımbat ana alaqanı.

Jerdi ǵaz-ǵaz basqanıńda,
Kewliń suwday tasqanında,
Dárman bolıp jas janıńa,
Turar ana alaqanı.

Kóginnen bulttı kóshirgen,
Quyashtıń nurın túsirgen,
Basıńnan sıypap ósirgen,
Ísıq ana alaqanı.

Tiler: aman kelse eken,
Qıynaladı kirse tiken,
Bazda ashıwlanǵan menen,
Jumsaq ana alaqanı.

Gúllerińdi soldırmaydı,
Ot ishinde qaldırmaydı,
Suwıq bolsa tońdırmaydı,
Pana ana alaqanı.

## Úyrendim ata-anadan

Kewilge hesh tiymegendi,
Kóp bilip, az sóylegendi,
Jaǵınıp bas iymegendi,
U'yrendim ata-anadan.

Kelsem de isti japırıp,
Sóylep kórmedim baqırıp,
Payda berdi sabırlılıq,
U'yrendim ata-anadan.

Ótirik sóylew qurısın,
Oǵan baqırıp urısıń.
Aytıwdı gáptiń tuwrısın,
U'yrendim ata-anadan.

U'yimizge miyman kelsin,
Sınap kórip baha bersin,
A'deplilik álipbesin,
U'yrendim ata-anadan.

Jaqsı is kópke tarasın,
Eldiń ishin aralasın,
Sıylawdı adam balasın,
U'yrendim ata-anadan.

## Besik jırı

Ay, ay balam, ay balam,
Oyınshıqqa bay balam,
Baxıtlı, shadlı zamanı,
Hámme jaǵı say balam.

Ay, ay balam, ay balam,
Shiyrin sútke toy balam,
Jılawıq bolǵan jaqsı emes,
Qıyqańlıqtı qoy balam.

Ay, ay balam, ay balam,
Shapqılaǵan tay balam,
Erteńgi kúni erjetip,
Dańqıńdı elge jay balam.

## Meniń oyınım

Sútilmek terip saylardan,
Gúbelek quwıp oynadım.
Jaqsı ǵoy oylap oynaǵan,
Oyınǵa sırá toymadım.

Bilemen, jeti jasımda,
Mektepke qatnay basladım.
Doslarım kóp qasımda,
Oyındı kelmes taslaǵım.

Oyınım shaxmat oyım,
Kóp oynama, deme sen.
Ósirdi qayta oyımdı,
Sabaqtan tómen emespen.

Oynayman usı oyındı,
Emespen oǵan qısınar.
Oyındı qashan qoyıwdı,
Ómirdiń ózi usınar.

## Svetofordıń sózi

A'y bala,
Mınaǵan qara!
Al, men seniń menen,
Bolaman jora.

Jollardıń kesisken,
Jerinde toqta!
Aldı-artıńa qarap,
Ózińdi baqla!

Mashina kórinse,
Ótemen deme.
Baratuǵın jerge,
Jetemen deme.

Sen temir emesseń,
Asıǵıp ozba.
Joldan júretuǵın,
Qádeni buzba.

Qutıla almaysań,
Juwırıp qashıp,
Mashina ótedi,
Sál jerde basıp.

Ótip ketiw ushın,
Kók bop janaman,
Qáwipsiz júriwge,
Wáde qılaman!

A'y, bala! Bul sózdi,
Yadıńda saqla!
Qızıl bolıp jansam,
Sen dárhal toqta!

## Búlbil

Men búlbilmen, búlbilmen,
Nama shıǵar tilimnen,
Kóp quslardıń birimen,
Shımshıqtan sál irimen.

Baǵıń bolsa qonaman,
Túrli nama salaman,
Eger baǵıń bolmasa,
Qonbay ketip qalaman,

Adam degen káramat,
Nálshe egip baǵ jarat,
Erteli-kesh waǵında,
Turaman sayran baǵında.

## Bódene

Pariń gúl-gúl dónedi,
Jaqsı qussań bódene.
Dán beremen qolımnan,
Sağan dospan bódene.

Dándi toyıp jesin, dep,
Shashıp kettim bódene,
Dánimdi sen jemesten,
Qashıp kettiń bódene.

Arasına kók shóptiń,
Baralmadım bódene.
Ǵı-ǵılıqlap qaytama,
Xabarladıń bódene.

Qalıp zaya bolmasın,
Dánimdi ter bódene.
Ettim sağan jaqsılıq,
Kóz benen kór bódene.

## Ǵaz

Ǵańq, ǵańq degen ǵazıńman,
Ayırma báhár, jazımnan.
Orkestrge usaǵan,
Kól jańlatqan sazıńman.

Íqlasım awar kól dese,
Bolmaydı ushıp kelmesem.

Jeymen porıq, jekendi,
Kól shabağın bermese.

Meni ańlıp jatadı,
Birazlar bar atadı.
Olardıń usı qılığı,
Janıma qattı batadı.

Aydın kólsiz házim joq,
Ketpegeymen jazım bop.
Qanday jaqsı tirishilik,
Basqa aytar sózim joq.

## Tırna

Men tırnaman, tırnaman,
Báhár keldi dep jırlağan.
Atız kórki — diyqanlar,
Jerdi súrip, tırmalań.

Párden kiyim kiyemen,
Uyama shóp úyemen.
Suwıq penen sazım joq,
Jıllı jaqtı súyemen.

Qatarımdı buzbayman,
Tártip buzıp ozbayman.
Jıllı jaqqa ushıwğa,
Men ózimdi sazlayman.

Tuwğan jerdi sağınıp,
Sapqa keldik ağılıp.

Úshmúyeshlik dúzemen,
Komandaǵa baǵınıp.

Bálent bolǵay qolıń dep,
Shayqalmasın tolıń dep.
Qanat bılǵap ushaman,
Kórgenshe xosh bolıń dep.

## Saǵınaman

Barmay qalsam baqshaǵa,
U'yde ishim pisedi.
Baqshadaǵı oynaǵan,
Doslar eske túsedi.

Atın ayta alaman,
Eger aytıp ber, deseń,
Baqshadaǵı doslardı,
Saǵınaman kórmesem.

## Átkónshek

A'tkónshekte ushqanda,
Jigerlenip pát aldım.
Jaqınladım aspanǵa,
Ushqısh degen at aldım.

Ushqanımda terbelip,
Bolar samal eskendey.
Pát alǵanda sermenip,
Bolar boyım óskendey.

Ushqandı kim qálemes,
Átkónshegim, qolaylı,
Tekte jalǵız men emes,
Ushırar ol talaydı.

## Mektep

Nurlı kórkem qarasań,
Mektebiń kóz tartadı.
Oqıp bilim alasań,
Súyiwshilik artadı.

Otırǵanda klasta,
Shıjbaylama partanı,
Kerek bolar hár jasqa,
Puqta saqla partanı.

Bolsań da sen qayaqta,
Saqla mektep namısın.
Tazalap kirseń ayaqtı,
Alarsań kóptiń alǵısın.

Kórdiń waqıt ótkenin,
Turmıs megzer aǵısqa.
Bilim alǵan mektebiń,
Uyań, ushar alısqa.

## Pátpelek

Qaldırmayın jolıńnan,
Pátpelegim pátpelek.

Jipti úzip qolımnan,
Ketip qalma ókpelep.

Ushar bolsań alısqa,
Meni birge alıp ket.
Soń baramız Marsqa,
Házir Ayǵa qonıp ket!

## Ustazım

Shadlıqta ósip-órledim,
Ǵamxor boldiń anamday,
Ashıwdıń izin kórmedim,
Peyiliń keń dalamday.

Gilt uslatıp qolıma,
Bilim sandıq ash, dediń.
Nur sebilgen jolıńa,
Alǵa qádem bas dediń.

Tárbiya berip baǵılar,
Óspes sirá gúl ózi.
Ustazım sennen tabılar,
Adamnıń jaqsı minezi.

Hár jastı qosıp qatarǵa.
Keleshek ǵamın oyladıń.
Ushaman alıs saparǵa.
Belime qanat bayladıń.

## Appaq tań

Jadırap jaynaǵan,
Sálem, appaq tań!
Quwanıshlı demler,
A'keldiń maǵan.

Appaq tań qarańǵı
Túnekti quwar.
Sheksiz keń álemdi,
Nur menen juwar.

Aq nurǵa shomıldı,
Dógerek-dashım.
Zer shapaǵın tógip,
Kúldi quyashım.

Appaq tań-appaq nur,
Taralar sennen.
Appaq nur jaqsılıq,
Júrekke engen.

Paxtamız appaq ǵoy,
Tańnan jaralǵan.
Írısqı — baylıq ol,
Elge taralǵan.

Appaq tań ananıń,
Mehirine megzer.
Tanǵa ne aytsaqta,
Jarasar sózler.



RESPUBLIKALI'Q
MA'LIMLEME-RESURSLI'Q
WORAYI'
INV № 88014

Appaq tań — tınıshlıq,
Bárqulla bolsın!
Appaq tań nurında,
A'lem qulpırsın!

## Tırnalar ushıp ótkende

Ushıp keler tırnalar
Qanat qaǵi'p aqırın
Tırna keldi! — Balalar—
Dawısladım baqırıp.

Hámme bala aspanǵa,
Kózdi tigip qaradıq.
Qızıq boldı jas janǵa,
Tırnalardıń paradı.

Tırrıw-tırrıw! —Shıqtı ún,
Mákanına qaytqan ba?
Kiyatır, — dep jıllı kún,
Balalarǵa aytqanday.

Ushıp ótti aynalıp,
Bizden olar dım alıs.
Qarap turdıq jıynalıp,
Júreklerde quwanısh.

Jaynap turar gúl ósip,
Kókshil, qızıl hárqanday.
Tırna menen ilesip,
Báhár kelip qalǵanday.



## Kiyik

Men kiyikpen, kiyikpen,
Shól-dalanı súyippen.
Awırmaydı ayaǵım,
Sekiremen biyikten.

Sekiremen, jortaman,
Toparım menen tartaman.
Mashinalı, mıltıqlı,
Adamlardan qorqaman.

Kórmeyin azap hárkimnen,
Ayırmań meni erkimnen.
Ata kórmeń ańshılar,
Shól-dalańnıń kórkimen.

Kelse eger qayımǵa,
Otlasın óz jayına.
Móldiregen kózleri,
Tiymeń quralayıma.

Saydan sayǵa túsemen,
Qaqtıń suwın ishemen.
Ǵamxorlıqqa alsańız,
Kóbeyemen ósemen.

## Sayǵaq

Men sayǵaqpan, sayǵaqpan,
Muzlı jerde tayǵaqpan.

Barsa kelmes, Ústirttiń,
Keń qushaǵın jaynatqan.

Tanawım keń shaqım bar,
Eshki yańlı ósemen.
Sekirgende úsh metr,
Jerge barıp túsemen.

Surǵılt, qalıń júnim bar,
Tábiyat ózi gúzegen.
Kim jamanlıq oylasa,
Shaqım menen súzemen.

Jayılaman shóp quwıp,
Keń dala, qum, tawım bar.
Ańlıp jatıp topılǵan,
Qasqır degen jawım bar.

Mende gúyis qaytarıp,
Jataman qum ústinde.
Samalǵa qarsı shapqanda,
Jetkermeymen heshkimge.

## Jıllı sóz

Qolım kókke jetedi,
Boyıma kúsh pitedi,
Tawdı tilip ótemen,
Aytqan jıllı sóz benen.

Qıyınlıqqa tózemen,
Órge talmay júzemen,
Ózimdi jeńil sezemen,
Aytqan jıllı sóz benen.

Jumsa iske hárqanday,
Emes qolım talǵanday.
Atqaraman palwanday,
Aytqan jıllı sóz benen.

Sonshama kóp dostım bar,
Kóriwge meni asıǵar.
Kewlimde gúl ashılar,
Aytqan jıllı sóz benen.

## Ustazıma sawǵa

Aldımdaǵı ekshembi
Ustazımnıń bayramı.
Shadlıqtıń joq ólshemi,
Júzinde nur oynadı.

Ósken shadlı zamanda,
Bayramım ǵoy meniń de.
Bilim bergen adamǵa,
U'lken húrmet elimde.

U'yretken tálim-órnek,
Mehirban anamızday.
Ustazǵa qansha húrmet,
Etsekte bolar azday.

Birazlar otkrıtka,
Birazlar kitap berdi.
Kásiplik bayramına,
Bári de atap berdi.

Qızlarda kelmey bosqa,
Gúl ákep sawǵa etti.
Oqıwshı hárbir jasqa,
Ustazdıń kewli pitti.

Men ózim sabaq oqıp,
«Bes» aldım úlken sawǵa.
Ustazdıń kewli tolıp,
Shıqqanday boldı tawǵa.

## Atamnıń násiyatı

Tıńlap tursam keńesin,
Sabaǵıńdi bil, deydi,
Jas gezinde hámmesin,
Zeyin salıp il, deydi.

Ayır, jaqsı, jamandı,
Qalay sınap kór, deydi.
U'lgi tut, jaqsı adamdı,
Nur ústine nur deydi.

Jaman tilge alınbay,
Tuwrı sóylep kel, deydi.
Jaqsı kórip janınday,
Húrmet eter el, deydi.



Aytqanı tağı atamnıń,
Miynet súygish bol deydi.
Miynet etken adamnıń,
Nesiybesi mol, deydi.

Ónerge bol pidayı,
Taxta kesip, til, deydi.
Atam meni udayı,
Jaqsı jolǵa silteydi.

## Bir tentek balanıń aytqanı

Hárre uyasına,
Kesek túsirdim.
Hárre ushıp kelip,
Betti isirdi.

Jatırǵan pıshıqtı,
Ayaqqa bastım.
Ayaǵımdı tislep,
Ol tura qashtı.

Ókshem menen bastım,
Ketpenniń qırın.
Sabı saq etti de,
Qanadı murın.

Ótken jolawshıǵa,
Attım kesekti.
Artına burılıp,
Ayttı «eshek»ti.
Bunıń menen turmay
Quwdı adamdı.

Tez burılıp qashtım,
Aynalıp tamdı.

—A'kene júr—degen,
Sózin esittim.
Sonda tabalmadım,
Kirer tesikti.

«Tek júrgen — toq júrer»
Degen ǵoy xalıq.
Haqıyqat ekenin,
Kóz kórdi anıq.

Bunday ádetlerdi,
Qoyaman endi.
A'depli bolıwǵa,
Baylayman beldi.

## Saǵındım

Shaǵalalar shańqıldasqan,
Úyrek-ǵazlar ǵańqıldasqan,
Uya salıp mákan basqan,
Quslarımdı saǵındım.

Panalaǵan quslar ańlar,
Ónip-ósip talay jıllar.
Kóziń jetpes aydın shalqar,
Teńizimdi saǵındım.

Quslar ketpes saǵan qonbay,
Mol ǵáziyne boldıń sonday,
Jegenimde dámi palday,
Balıǵımdı saǵındım.

Dańqlı balıqshıǵa erip,
Suwdıń marjanların terip,
Júzip júrgen qulash kerip,
Kúnlerimdi saǵındım.

Qashıqladıń jer betinen,
Qorıqtım kishi kelbetińnen,
Samal esse terbetilgen,
Tolqımıńdı saǵındım.

Birikse kúsh, birikse qol,
Qáddin tiklep toladı ol,
Isenemen úmitim mol,
Aralımdı saǵındım.

## Sarıgúl

Atızda ósti sarıgúl,
Yamasa qoy ma, qoshqar ma?
Joq edi ǵoy burın bul,
Aytıp shıqtım doslarǵa.

Quwanaman Yapırmay!
Atız meni sıyladı.
Gúli sarı altınday,
Úziwge kóz qıymadı.

Jaynadı gúl sonshama,
Tap kishkene quyashtay.
Qarasamda qanshama,
Turdı kózim qamaspay.

Kúnler ótip aradan,
Gúller pise basladı.
Tuqım enip jańadan,
Pópek usha basladı.

Pópeklerge qaradım,
Parashyuttay ushıp júr.
Uzaqsınbay aranı,
Óz tuqımın shashıp júr.

## Asqabaq

Jaqsı iske talpınǵan,
Tereń urdım ketpenin.
Shıqtı búgin aldımnan,
Zor tárbiya etkenim.

Órmeledi qol jayıp,
Gúl shıǵardı altınday.
Túynek saldı ájayıp,
Boldı buǵan kewlim jay.

Názer salıp qarasam,
Digirmanday qaramıń.
Mútájine jaraysań,
Asqabaǵım adamnıń.

Jerdiń bergen sıyı bul,
Toldı úydiń qazanı.
Jegim kelse kespe mol,
Til úyirer mazalı!

## Ǵarbız

Qalıń pálek aralap,
Qarıq boylap gezdim men.
Pisken ǵoy dep shamalap,
Bir ǵarbızdı úzdim men.

Jegim keldi tez jarıp,
Qam ekenin bilmedim.
Ǵarbızım-aw qızarıp,
Pisken belgi bermediń.

Ókinemen ne payda,
Ishte tartıp demimdi.
Julmas edim qalayda,
Bilgenimde kógińdi.

Asıǵıppan túsinbey,
Saqlanar bul yadımda.
Úzip alǵan pisirmey,
Ayıplıman aldıńda.

## Jas palwanlar bellesti

Boyda qarıw kúshi bar,
Gúres dese qulshınar.
Kim jeńilip, kim jıǵar,
Jas palwanlar bellesti.

Salmaq boyı sappa-say,
Jawırını keń qapıday,
Dástandaǵı batırday,
Jas palwanlar bellesti.

Shınıqqan kúsh sharshatpay,
Kóz qarashıq monshaqtay,
Bilekleri kelsaptay,
Jas palwanlar bellesti.

Ótpes bunda tásiliń,
Kúsh jatpaydı jasırın,
Jıǵajaq bastan asırıp,
Jas palwanlar bellesti.

Ismi kópke jayılǵan,
Túri kelgen qayıńnan,
Kúshlerine qayılman,
Jas palwanlar bellesti.

Hár kún sayın shınıǵar,
Kókirekte namıs-ar,
Eldiń atın shıǵarar,
Jas palwanlar bellesti.

## Shalǵam

Meniń atam,
Jeydi shalǵam.
Sonlıqtan ol,
Kúshli palwan.
Shalǵamdı ol,
Egip alar.
Shalǵamına,
Qanar tolar.

Ayttı atam,
Bılay mağan:
Qásiyetli,
Daqıl shalǵam.

Quramında,
Viamin bar.
Endiredi,
Júzge ajar.

Shalǵam jeseń,
Kúshiń tasar.
Kim jesede,
Uzaq jasar.

## Dárwazaman

Tamashagóy jıynalǵan kóp,
Tebilgen top – atılǵan oq,
Dárwazaǵa túsirmes top,
Epli shaqqan dárwazaman.

Boyın biylep namıs-sezim,
Palwan kibi tutıp ózin,
Toptan ayırmaydı kózin,
Zor qıraǵı dárwazaman.

Keń qushaǵın turar ashıp,
Sekiredi kókke shapshıp,
Kelgen toptı alar qaqshıp,
Qolı epli dárwazaman.

Hújimshiler toptı teber,
Bolmasa quwıp ákeler,
Pátli kelsede irkiler,
Jolın tosar dárwazaman.

Tebilse de top hárqanday,
Dárwazaǵa ol qorǵanday,
Qolına uslap turǵanday,
Jeńis giltin dárwazaman.

Top túsirmey dárwazaǵa,
Turǵanına boldım ırza.
İlayıqlı dástan jazsa,
Saǵan arnap dárwazaman.

## Sazan balıq

El baylıǵı—sarı sazan,
Tańlayımda tatır mazań.
Bilgim keldi jón-josaǵıń,
Kólimizde nege azsań?

Juwap berdi sonda sazan:
—Sorawıń durıs, kólde azban.
Uwıldırıq shashar gezde,
Awlaǵanǵa keler ızam.

Ǵamxor bolsa maǵan hámme,
Kóbeyemen dárya, kólde.
Shıǵaraman kóldiń atın,
Mol baylıqpan tuwǵan elge.

## Qoraz

Men qorazban, qorazban,
Qan gúlindey kekilim.
Qısı-jazı tozbaǵan,
Ayaǵımda etigim.

Mudam táwir kóremen,
Jemsegimniń tolǵanın.
Saatsız aq bilemen,
Qay mezgildiń bolǵanın.

Sol ǵoy erte jatqanım,
Shaqırmayın men nege.
Altın tańnıń atqanın,
Xabarlayman hámmege.

Denem talap etedi,
Kúlge awnap jataman.
Alısqa sestim jetedi,
Jalqaw ǵoy dep atamań.

Tayaqlap quwıp salasań,
Shaqırsam barıp esikke.
Bolmasa uyıqlap qalasań,
Sabaǵıńnan keshik pe!

## Azanda awıl jolında

Tereń oyǵa berilip,
Kiyatırman búgin men.





Kesirtke qashtı tısırlap,
Bir túp jantaq túbinen.

Kesirtke mennen qashadı,
Oyımdı meniń bilmeydi.
Zıyansız janlı maqluqqa,
Selteń bergim kelmeydi.

Sozılıp jatır gúzar jol,
Mektepke tuwrı baslaǵan.
Jılqıshı qustıń izleri,
Jol ústin torlap taslaǵan.

Sımǵa qonıp qarlıǵash,
Ózinshe májlis qurǵanday.
Birewi sayrap ortada,
Basqası tıńlap turǵanday.

Qarasań túrli gúbelek,
Ushıp júr jońıshqalıqta.
Kúygelek kúyip-pisip tur,
Diń hawada qalıqlap.

Shımshıqlar palapanına,
Atızlıqtan qurt tasır.
Kún batqansha jamwar,
Tınım tappas mutdasıl.

Mol ırıs, el dáwleti,
Quslarǵa payız bergendey.
Paraxat ómir sawlatı,
Keń qanat jayıp órlegey.

Azańǵı awıl kórkine,
Qanday nárse teń keler.
Ashıp gúmis kirpigin,
Quyash kókke enteler.

Azańǵı salqın hawanı,
Kókirek kerip jutaman.
Tolı sumka qoltıqlap,
Mektepke qádem ataman.

## Jumbaqlar

Saqlıq penen jasaǵan,
Tumsıǵı bizge usaǵan.
Tábiyat onı ázelden,
Ayaǵın bekkem tusaǵan.

*(Hákke)*

Qurıp qoyǵan torı bar,
Shıbın-shirkey jolıǵar.
Qıynalmas zaya bolar dep,
Ózinde jiptiń qorı bar.

*(Órmekshi)*

Ósedi jer astında,
Aydarı bar basında.

*(Geshir)*

Japıraǵı teńgedey,
Biyiklep jılda ósedi.
Qarasań usha basına,
Malaqayıń túsedi.

*(Aq terek)*

Qoldan qolǵa túspegen,
Domalaq boyı óspegen.
Qansha tayaq jese de,
Hesh bir jeri ispegen.

*(Top)*

## Jańıltpashlar

Kóylegime sádep taqtı,
Sádepti Sádet taqtı.
Ádep sádepti Mádet taqtı,
Sádet sádepti
Shenep taqtı.

Atızdaǵı kóp gúrbek,
Kók kómbek eken.
Kók kómbek gúrbek,
Kók gúrbek eken.

Kiyatırǵan úsh qız kórdim,
Qollarında úsh qus kórdim.
Há!—degenim ushıp ketti,
Úsh qusın da ushqısh kórdim.

Sen men kelgenshe,
Trotuarda tura turasań.
Bomasa men sen kelgenshe,
Trotuarda tura turaman.

Meniń atam ertek aytar,
Arasında jıl qaytarar.
Qartaysa da quwnaq ele,
Jaylaw jaqtan mal qaytarar.

Birewdiń bayqamaǵanın,
Bayqaǵanımdı ayt.
Birewdiń ayta almaǵanın,
Ayta alǵanımdı ayt.

## MAZMUNI

Gúbelek.....3
Ózgergen awıl.....3
Ílağım.....4
Berdi súttiń qaymağın.....5
Inimniń ashıwı.....5
Watanım.....5
Appaq súti ananıń.....6
Ana alaqanı.....7
U'yrendim ata-anadan.....8
Besik jırı.....9
Meniń oyınım.....9
Svetofordıń sózi.....10
Búlbil.....11
Bódene.....11
Ǵaz.....12
Tırna.....13
Sağınaman.....14
A'tkónshek.....14
Mektep.....15
Pátpelek.....15
Ustazım.....16
Appaq tań.....17
Tırnalar ushıp ótkende.....18
Kiyik.....20
Sayǵaq.....20
Jıllı sóz.....21
Ustazıma sawǵa.....22
Atamnıń násiyatı.....23
Bir tentek balanıń aytqanı.....25
Sağındım.....26
Sarıgúl.....27
Asqabaq.....28
Ǵarbız.....29
Jas palwanlar bellesti.....29
Shalǵam.....30
Dárwazaman.....31
Sazan balıq.....32
Qoraz.....33
Azanda awıl jolında.....33
Jumbaqlar.....37
Janıltpashlar.....38

# Xalmurat SAPAROV

# ÓSIRGENIM GÚL MENIŃ

«Bilim» baspası
Nókis — 2016

Redaktorı *Z. Oserbaeva*
Kórk. redaktorı *I. Serjanov*
Tex. redaktorı *Z. Allamuratov*
Operatorı *A. Begdullaeva*

**Licenziya: AI №108, berilgen waqtı 2008-jıl 15-iyul.**

Basıwǵa ruqsat etilgen waqtı 15. 08. 2016-j. Formatı 84x108 $^1/_{32}$. «Times KRKP» garniturası. Ofset baspa qaǵazı. Ofset baspa usılında basıldı. Kólemi 1,25 b.t. 2,1 shártli b.t. 1,97 esap b.t. Nusqası 1000 dana. Buyırtpa №483.

«Bilim» baspası, 230103. Nókis qalası,
Qaraqalpaqstan kóshesi, 9.

**Elektron mánzil: bilim.baspa@inbox.uz**

JSHJ «NISO POLIGRAF» ında basıp shıǵarıldı.
Tashkent oblastı, Orta Chırchıq rayonı, «Oq ota» KFY,
p. Mashal, Markaz kòshesi, 1.